

# Avi sou Pratik Konfidansyalite dapre HIPAA

Avi sa a dekri fason yo kapab itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou epi kijan ou kapab jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo. Tanpri eegzamine li ak anpil atansyon.

## Objektif Avi Sa a

Lalwa oblije nou pou nou prezève konfidansyalite enfòmasyon sou sante w ki pwoteje (Protected Health Information, "PHI"). PHI a gen ladan demann tès laboratwa ak rezilta tès yo ansanm ak bòdwo pou sèvis swen sante nou bay nan Nova Southeastern University's E.M. Laboratwa Imunoloji Klinik Papper ("NSU Lab"). Yo konsidere NSU Lab kòm yon antite ki kouvri, byenke li bay sèlman tretman pasyan endirèk nan fòm sèvis tès laboratwa pou kliyan antite ki kouvri li yo. Espesyalman, NSU Lab resevwa echantyon pasyan yo ki soti nan lòt antite ki kouvri (tankou laboratwa, kabinè doktè) pou fè tès. Avi sa a ap esplike w sou fason nou ka itilize ak divilge PHI ou. Avi sa a dekri tou dwa ou yo ak sèten obligasyon nou genyen konsènan itilizasyon ak divilgasyon PHI ou.

## I. Itilizasyon ak divilgasyon PHI

NSU Lab ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante ou, ki vle di enfòmasyon krepzante Enfòmasyon Pwoteje sou Sante ("PHI") jan sa defini nan Règleman sou Enfòmasyon Prive nan dispozisyon Senplifikasyon Administratif la nan Lwa 1996 la sou Responsablite ak Pòtabilite Asirans Sante ("HIPAA"), pou bay tretman, jwenn peman pou tretman epi pou mennen operasyon swen sante. Kategori sa yo dekri diferan fason nou itilize ak divilge PHI ou. Pou chak kategori ki pale sou kijan pou itilize oubyen divilge enfòmasyon nou pral eksplike ki sa nou vle di epi n ap ba ou kèk egzanp. Se pa tout itilizasyon oswa divilgasyon nan yon kategori nou pral endike. Sepandan,

tout fason yo pèmèt nou itilize ak divilge enfòmasyon yo fè pati de kategori ki anba yo.

**A. Tretman.** NSU Lab bay tès laboratwa pou doktè ak lòt founisè swen sante, epi nou itilize enfòmasyon ou yo nan pwosesis tès nou an. N ap itilize ak divilge PHI ou bay pwofesyonèl swen sante otorize ki kòmande tès oswa ki bezwen aksè nan rezilta tès ou yo pou fè tretman. Kèk egzanp sou lòt rezon ki gen pou wè ak tretman yo enkli divilgasyon a yon patolojist pou ede entèprete rezilta tès ou yo oswa itilize enfòmasyon ou yo pou kontakte ou pou jwenn yon lòt echantyon, si sa nesèsè.

**B. Peman.** Yo pral itilize PHI ou si sa nesèsè, pou voye bòdwo epi jwenn peman pou sèvis swen sante ou. Yo ka sèvi ak PHI ou pou chache peman nan plan sante ou, nan lòt sous kouvèti tankou konpayi kat kredi ke ou ka itilize pou peye pou sèvis yo. Anplis de sa, itilizasyon PHI pou rezon peman ka gen ladan tou sèten kominikasyon nan plan sante ou pou jwenn apwobasyon pou tretman ke nou rekòmande. Nou ka divilge PHI tou bay konpayi asirans ou an pou detèmine si ou kalifye pou benefis oswa si yon sèvis patikilye kouvri anba plan sante ou. Pou resevwa peman pou sèvis ou yo, nou ka bezwen tou divilge PHI ou bay konpayi asirans ou pou demontre nesèsite medikal sèvis yo, oswa si plan sante w la mande, pou revizyon itilizasyon. Nou ka divilge PHI tou bay yon lòt founisè ki enplike nan swen ou pou aktivite peman lòt founisè a.

Nou ka divilge enfòmasyon ba yon ajans deyò pou fè reklamasyon lajan ki dwe, sa ki rele koleksyon. Si ou gen asirans nan kontra asirans sante yon lòt moun (pa egzanp, paran, mari oswa madanm, oswa patnè domestik), nou ka voye bòdwo yo tou bay abònè ki gen kontra asirans ki kouvri sèvis sante ou yo.

**C. Operasyon.** Nou ka itilize oswa divilge PHI ou, jan sa nesèsè, pou pwòp operasyon swen sante nou pou fasilite fonksyonman NSU Lab ak pou bay bon jan kalite swen a pasyan nou yo. Operasyon swen sante yo gen ladan aktivite tankou

- Aktivite Evalyasyon ak amelyorasyon kalite;
- Aktivite revizyon Anplwaye;
- Pwogram fòmasyon kote elèv yo, estajyè, oubyen moun k ap bay swen sante aprann anba sipèvizyon;
- Aktivite akreditasyon, sètifikasyon, lisans, oswa kalifikasyon;
- Revizyon ak odit, tankou revizyon konfòmite, revizyon medikal, sèvis legal, ak kenbe pwogram konfòmite yo; ak
- Aktivite jesyon biznis ak tout sa ki konsènen administrasyon an jeneral. Nan sèten sitiyasyon, nou ka divilge enfòmasyon pasyan an tou bay yon lòt founisè swen sante oubyen bay yon lòt plan asirans sante pou operasyon swen sante yo.

## D. Lòt Jan Itilizasyon ak Divilgasyon

**Ka Fet.** Nan zafè tretman, peman, ak aktivite operasyon swen sante, nou ka itilize oswa divilge PHI ou tou pou objektif sa yo:

- Pou fè ou sonje yon randevou (yo ka kominike rapèl randevou yo

pa lapòs oswa yon mesaj vwa sou mesajri vokal oubyen yon repondè kasèt ki nan yon nimewo telefòn ke ou te bay);

- Enfòmè ou sou posiblite lòt chwa oswa opsyon tretman;
- Pou enfòmè ou sou benefis ki gen pou wè ak sante oswa sèvis ki ka enterese ou. Pa egzanp, NSU Lab ka kontakte ou osijè yon nouvo sèvis tès ki disponib nan NSU ki baze sou sèvis doktè ou kòmande.

**E. Bay Asosye Biznis Yo.** Pafwa nou ka bay PHI ou a lòt konpayi oswa moun ki bezwen enfòmasyon an pou yo ka ban nou sèvis. Lòt antite sa yo, ke yo rekonèt kòm "asosye biznis," oblije kenbe konfidansyalite ak sekirite PHI a. Pa egzanp, nou ka bay enfòmasyon a konpayi yo ki ede nou prepare bòdwo sèvis nou yo. Nou ka itilize yon ajans koleksyon deyò tou pou kolekte peman lè sa nesèsè. Menm jan an tou, gen depatman nan Nova Southeastern University ("NSU") ki ban nou sèvis, epi ki ka bezwen aksè a PHI ou pou yo ka fè travay yo. Nou mande asosye biznis yo ak lòt depatman NSU yo pou yo pwoteje enfòmasyon w yo yon fason apwopriye.

## II. Itilizasyon ak Divilgasyon ki Depase Tretman, Peman, ak Operasyon Swen Sante Ki Admisib san Otorizasyon ni Posiblite pou Objeksyon

Règ Federal sou vi prive pèmèt nou itilize oswa divilge PHI ou san pèmisyon ou oubyen otorizasyon pou yon kantite rezon ki gen ladan sa nou ekri anba yo:

**A. Lè sa Obligatwa Legalman.** Nou pral itilize oswa divilge PHI ou lè nenpòt lwa Federal, Eta oswa lokal oblije nou fè sa. Nenpòt itilizasyon oswa divilgasyon dapre seksyon sa a

ap respekte egzijans ki koresponn ak nenpòt lwa konsa epi l ap rete nan limit egzijans sa yo.

**B. Lè Gen Risk pou Sante Piblik.** Nou ka divilge PHI ou pou aktivite ak objektif sante piblik. Pa egzanp, aktivite sante piblik anjeneral gen ladan yo:

- Anpeche, oubyen kontwòle, maladi, blesi, oubyen andikap jan lalwa pèmèt sa;
- Rapòte maladi, aksidan ak evènman enpòtan tankou nesans oubyen lanmò jan lalwa egzije oubyen otorize sa;
- Fè siveyans sante piblik, investigasyon, ak entèvansyon jan lalwa egzije oubyen otorize sa;
- Pou kolekte oswa rapòte evènman endezirab ak defo oubyen pwoblèm pwodui; pou swiv pwodui ki reglèmantè pa FDA; pou pèmèt yo retire pwodui sou mache a, fè reparasyon, fè ranplasman, oswa konsilte FDA epi pou fè siveyans apre komèsyalizasyon;
- Pou avèti pasyan yo sou pwodui yo sispann yo gendwa ap itilize;
- Pou avize yon moun ki te ekspoze a yon maladi atrapan oubyen ki ka gen risk pou kontrakte oubyen pwopaje yon maladi, jan lalwa otorize sa;
- Pou rapòte bay yon travay enfòmasyon sou yon moun ki se yon manm nan travay la jan sa egzije oubyen otorize legalman, pou ka fè yon evalyasyon ki gen rapò ak siveyans medikal nan espas travay la oubyen pou evalye si wi ou non moun nan gen yon maladi oswa blesi ki gen rapò ak travay la; ak

**C. Pou Rapòte Abi, Neglijans, oswa Vyolans Nan kay.** Nou ka notifiye otorite gouvènman an, ki gen ladan yon ajans sèvis sosyal oswa sèvis pwoteksyon, si nou a kwè rezonabman ke yon pasyan viktim yon abi,

neglijans, oswa vyolans nan kay. Malgre chak moun gen yon responsablite pou rapòte abi oswa neglijans yo sispèk, gen sèten metye ki oblije moun nan fè sa. Metye sa yo, yo konsidere kòm "rapòte ki gen obligasyon pwofesyonèl," pa egzanp, pwofesyonèl swen sante ak pwofesyonèl sante mantal. Se responsablite rapòte ki gen obligasyon pwofesyonèl yo pou alète otorite apwopriye yo nan yon ka ke yon pasyan minè, granmoun, oswa adilt ki vilnerab ke yo idantifye kòm yon viktim de yon neglijans oswa neglijans ke yo sispèk oswa abi, tankou abi seksyèl, epi pou konfòme ak pwosedi apwopriye pou rapòte jan lalwa egzije oswa otorize sa.

**D. Pou Mennen Aktivite Siveyans Sante.** Nou ka divilge PHI bay yon ajans sipèvizyon sante pou aktivite ki otorize pa lalwa tankou verifikasyon (odit), investigasyon, enspeksyon ak lisans. Aktivite sa yo nesèsè pou gouvènman an kontwòle sistèm swen sante a, pwogram gouvènman yo, ak konfòmite avèk lwa sou dwa sivil yo.

**E. Anrapò Avèk Pwosedi Jidisyèl ak Administratif.** Nou ka divilge PHI ou pandan yon pwosè jidisyèl oswa administratif an repons a yon lòd tribinal oswa yon tribinal administratif, jan yo bay otorizasyon sa a kòm sadwa. Nou kapab divilge PHI ou tou pou reponn yon manda, rekèt pou bay dokiman, oubyen lòt pwosesis legal si nou resevwa asirans ki satisfè nou bò kote pati a k ap chèche enfòmasyon gen efò rezonab yo te fè pou asire yo te mete ou okouran de demann lan, oubyen gen efò rezonab yo te fè pou jwenn yon lòd pou pwoteje enfòmasyon yo mande a.

**F. Pou Fè Respekte Lalwa.** Nou ka

divilge PHI ou ba yon responsab lapolis pou sèten rezon ki fè respekte lalwa, tankou:

- Jan lalwa egzije sa pou rapòte blese ak zam oubyen lòt aksidan fizik oswa ki mete lavi an danje ki montre se yon zak vyolans;
- Yon lòd tribinal, yon manda ki sòti nan tribinal, obligasyon pou prezante nan tribinal, konvokasyon oswa pwosesis men jan an;
- Nan bi pou yo idantifye oubyen jwenn yon moun ki sispèk, fjitif, temwen, oubyen yon moun ki disparèt;
- Nan sèten sikonstans limite, lè ou se oubyen yo sispèk ou dwe se viktim nan yon krim;
- A yon responsab lapolis si NSU Lab sispèk ke lanmò ou se rezilta de yon konduit kriminel;
- Pou rapòte yon krim nan yon sitiyasyon ijans; ak
- Nan ka yon pasyan minè, granmoun aje, yon granmoun ki san defans idantifye kòm yon viktim nan yon swadizan neglijan oubyen abi ki sispèk, ankontan abi seksyèl.

**G. Pou Doktè Lejis, Responsab Ponp Finèb, ak pou Don Ògàn.** Nou kapab divilge PHI bay yon doktè lejis oubyen egzaminatè medikal pou idantifikasyon, pou chèche kòz lanmò, oubyen pou doktè lejis la oswa ekzaminatè medikal fè lòt travay lalwa otorize. Nou kapab divilge PHI tou bay yon responsab ponp finèb, jan lalwa a otorize sa, pou pèmèt direktè ponp finèb la fè travay li. Nou ka itilize ak divilge PHI pou objektif tankou don ògàn, je, oswa tisi kadaverik.

**H. Pou Objektif Rechèch.** Nan sèten sikonstans, nou ka itilize ak divilge PHI ou pou rezon rechèch. Nou kapab

kenbe tou echantiyon tisi, dan oubyen san ak lòt likid ki sipoze jete apre yon pwosedi medikal pou yo ka itilize yo nan pwojè rechèch pi devan. Tout pwojè rechèch sa yo, sepandan, yo sijè a yon revizyon espesyal ak pwosesis apwobasyon, pa komite revizyon enstitisyonèl la ("IRB"). Pwosesis sa a evalye yon pwojè rechèch ki pwopoze ak nesosite pou yo itilize PHI, pandan l ap eseye balanse bezwen pou rechèch la ak bezwen pasyan yo pou kenbe PHI yo prive. Anvan nou itilize oubyen divilge PHI pou rechèch, pwojè a ta dwe déjà apwouve nan pwosesis otorizasyon pou rechèch sa a. Nan kèk ka, yo dwe mande otorizasyon ou. Nan kèk lòt ka yo kapab pa mande, nan ka kote pwosesis revizyon an detèmine pwojè a pa kreye plis pase yon ti risk tou piti pou vi prive yon moun, tann otorizasyon ou pa pratik epi chèchè yo montre yo gen yon plan pou pwoteje enfòmasyon an kont nenpòt move itilizasyon oubyen divilgasyon. Nou ka divilge PHI ou tou bay moun ki prepare pou fè yon pwojè rechèch, pa egzanp, pou ede yo chèche pasyan ki gen bezwen medikal espesifik, toutotan enfòmasyon medikal yo revize yo pa kite laboratwa a. Si yo ka fè yon pwojè rechèch pou yo sèvi avèk enfòmasyon sou sante pandan ke yo retire tout enfòmasyon ki idantifye ou (tankou non ou, nimewo sekirite sosyal ak nimewo dosye medikal), nou ka itilize oswa bay done yo san apwobasyon espesyal. Nou ka itilize oswa divilge tou done pou rechèch ak kèk idantifyan ki rete - dat nesans, tretman, ak enfòmasyon jeneral sou zòn kote w ap viv la (pa adrès ou), san apwobasyon espesyal. Sepandan, nan ka sa a n ap fè moun ki resevwa done yo siyen yon akò pou yo pwoteje li kòm sadwa. Sizoka ou patisipe nan

yon pwojè rechèch ki enplike tretman, yo ka refize dwa ou pou jwenn aksè a enfòmasyon sou sante ki gen rapò ak tretman sa a pandan pwojè rechèch la pou ke entegrite rechèch la ka konsève. Dwa ou pou jwenn aksè a enfòmasyon an pral retabli apre ou fini pwojè a.

**I. Sizoka gen yon Menas Grav pou Sante oswa Sekirite.** Annakò avèk lwa ak konduit estanda etik, nou kapab itilize oubyen divilge PHI ou si nou kwè, an tout bòn fwa, itilize oubyen divilge li nesèsè pou evite oubyen pou diminye yon menas serye epi rapid pou sante ou oswa sekirite ou oswa pou sante ak sekirite piblik la.

**J. Pou Fonksyon Gouvènman Espesifye.** Nan sèten sikonstans, Regilasyon Federal otorize NSU Lab itilize oswa divilge PHI ou pou fasilite fonksyon espesifye gouvènman ki gen rapò ak aktivite militè yo ak veteran yo, aktivite sekirite nasyonal ak entelijans, sèvis pwoteksyon pou Prezidan an ak lòt moun, detèmine kisa ki kòrèk nan nivo medikal, enstitisyon koreksyonèl yo, ak lòt sitiyasyon kote lapolis kenbe yon moun.

**K. Pou Konpansasyon Travayè.** Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou pou konfòme a lwa konpansasyon travayè yo (worker's compensation) oswa lòt pwogram menm jan an.

**L. Prizonye.** Si ou se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa anba gad yon responsab lapolis, nou ka divilge PHI ou a enstitisyon koreksyonèl la oswa responsab lapolis anba sikonstans espesifik tankou (1) pou enstitisyon an ba ou swen sante; (2) pwoteje sante ak sekirite ou oswa sante ak sekirite lòt moun; oswa (3) pou sekirite enstitisyon koreksyonèl la.

### III. Itilizasyon ak Divilgasyon san Okenn Otorizasyon, men ak Posiblite pou Refize

Nou kapab divilge PHI ou bay yon manm fanmi ou (yo), yon zanmi pwòch pèsònèl, oubyen nenpòt lòt moun ou idantifye, si bay enfòmasyon an dirèkteman gen rapò ak patisipasyon moun lan nan swen ou oubyen nan peman ki gen pou fèt pou swen ou. Nou ka divilge enfòmasyon ou tou lè n ap eseye jwenn oswa notifiye manm fanmi ou (yo) oswa lòt moun ki enplike nan swen ou konsènan anplasman ou, kondisyon ou, oswa lanmò ou.

Ou gen dwa pa dakò divilgasyon yo. Si ou dakò pou divilgasyon sa yo oubyen si nou jije dapre sikonstans yo ou pa t refize oubyen nou detèmine, nan kad jijman pwofesyonèl nou, li nan pi bon enterè ou pou nou fè divilgasyon enfòmasyon ki dirèkteman gen rapò ak patisipasyon moun lan nan swen ou, nou kapab divilge PHI ou jan sa te dekri a.

### IV. Itilizasyon ak Divilgasyon Ke Ou Otorize

Apa sa ki endike pi wo a, nou p ap divilge enfòmasyon sou sante ou san otorizasyon alekri ou, ki gen ladan objektif maketing, ak vann enfòmasyon ou yo. Nou pa ka itilize enfòmasyon ou pou fè maketing oswa pou vann PHI ou san otorizasyon espesifik ou. Ou ka anile otorizasyon ou alekri nenpòt ki lè sof nan ka nou te pran aksyon baze sou otorizasyon an.

### V. Dwa Ou Yo

Ou gen dwa sa yo konsènan enfòmasyon sou sante ou:

**A. Dwa Pou Ou Enspekte ak Kopye PHI Ou.** Ou kapab enspekte e jwenn yon kopi elektwonik oswa papyè dosye medikal ou, tankou rezilta final tèl laboratwa ou yo pandan tout tan nou kenbe dosye PHI ak bòdwo yo. Nan limit dosye elektronik yo aplike, ou pa gen dwa pou enspekte oswa pou jwenn

aksè nan sistèm dosye medikal elektwonik la. Si ou mande aksè a rezilta laboratwa ou yo ke-nou kenbe nan fòm elektwonik, enfòmasyon ke nou ap enprime sou papyè oswa telechaje nan yon disk konpak ("CD") oswa lòt fòm elektwonik sou demann ou akondisyon nou kapab pwodui fòm ou mande a san pwoblèm. Nan 30 jou apre nou fin resevwa demann ou an, ou pral resevwa yon kopi rezilta tèl laboratwa ou a ki konplè oswa rapò doktè ou te kòmande nan NSU sof si yon eksepsyon aplike.

Sepandan, dapre lwa Federal, ou pa ka li oubyen fè kopi dosye sa yo: nòt sikoterapi; enfòmasyon konpile nan antisipasyon rezonab, oswa pou itilize nan, yon aksyon sivil, kriminel, oswa administratif oswa pwosedi; ak PHI ki sijè a yon lwa anba ki, ou ka pa gen dwa gen yon refi pou aksè revize.

Nou ka refize demann ou pou enspekte oswa kopye PHI ou si, nan jijman pwofesyonèl nou, nou detèmine aksè ke ou mande a ka yon danje pou lavi ou oswa sekirite ou oswa yon lòt moun, ke li ka lakòz gwo domaj nan referans yon lòt moun nan enfòmasyon an, oswa ke demann lan te fèt pa reprezantan pèsònèl ou epi nou detèmine ke reprezantan pèsònèl la ka lakòz gwo domaj a oumenm oswa yon lòt moun. Ou gen dwa pou mande pou yo revize desizyon sa a.

Pou enspekte oswa kopye enfòmasyon medikal ou, ou dwe soumèt yon demann alekri a NSU Lab la—epi dirije korespondans la bay HIPAA Liaison. Nou atache enfòmasyon kontak pou NSU Lab nan avi a. Si w mande yon kopi enfòmasyon ou, nou ka chaje w yon frè pou depans pou kopye, poste, oswa lòt depans ki fèt lè nou ap reponn demann ou an. Tanpri kontakte Responsab Konfidansyalite nou an si ou gen kesyon sou aksè dosye medikal ou.

### B. Dwa pou mande yon restriksyon sou itilizasyon ak divilgasyon PHI ou yo.

Ou ka mande nou, alekri, pou nou pa itilize oswa divilge kèk pati nan PHI ou pou rezon tretman, peman, oswa operasyon swen sante. Ou ka mande tou, alekri, pou nou pa divilge enfòmasyon medikal ou bay manm fanmi oswa zanmi ki moun ki ka patisipe nan swen ou oswa pou konnen enfòmasyon jan sa dekri nan Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a. Demann ou an dwe endike restriksyon espesifik w ap mande a epi pou ki moun ou vle restriksyon an aplike.

NSU pa oblije dakò ak yon restriksyon ou ka mande. Nou pral fè w konnen alekri si nou refize demann ou fè pou yon restriksyon.

Malgre NSU pa oblije dakò ak tout restriksyon, si ou peye an plen pou sèvis swen sante ak lajan ki soti nan pòch ou epi ou pa vle sèvis yo konte nan direksyon yon franchiz asirans ou ka mande pou enfòmasyon ki gen rapò ak sèvis sa yo pa enkli nan okenn divilgasyon nan yon plan sante. Ka gen sikonstans kote NSU gen yon egzijans legal pou soumèt yon bòdwo a plan sante epi yo p ap kapab ba ou sèvis ki annakò avèk demann sa a.

Si NSU Lab la dakò ak yon restriksyon ke w mande, nou p ap ka itilize oswa divilge PHI ou an pou pa gen vyolasyon restriksyon sa a sof si li nesèsè pou bay tretman ijans. Si yon sant swen sante oswa laboratwa nan NSU dakò ak yon restriksyon, restriksyon an aplike sèlman nan etablisman ki te dakò, sof si ou soumèt demann lan epi ou resevwa alekri akò a restriksyon an nan lòt sant swen sante yo oswa laboratwa nan NSU. Nan sèten sikonstans, nou kapab sispann yon restriksyon. Ou ka mande, alekri, yon restriksyon lè ou kontakte HIPAA Liaison nan NSU Lab. (Tanpri gade paj 5 sou 5).

**C. Dwa pou Mande pou Resevwa Kominikasyon Konfidansyèl nan Men nou pa Lòt Mwayen oswa nan yon Lòt Kote.** Ou gen dwa mande pou nou kominike avèk ou nan sèten fason. Nou pral reponn demann ki rezonab yo. Nou ka mete kondisyon pou nou fè akomodasyon sa a pandan n ap mande ou pou enfòmasyon tankou ki fason peman pral fèt oubyen espesifikasyon sou yon lòt adrès oubyen lòt metòd pou kontakte ou. Nou pa pral mande pou ou bay yon eksplikasyon pou demann ou an. Demann yo dwe fèt alekri a HIPAA Liaison nan NSU-Laboratwa (Tanpri gade paj 5 sou 5).

**D. Dwa pou Mande Chanjman nan PHI ou.** Ou ka mande yon chanjman nan PHI ou si ou fè yon demann alekri a HIPAA Liaison nan NSU Lab (Tanpri gade paj 5 sou 5). Si ou kwè gen yon erè oswa manke enfòmasyon nan dosye nou an nan PHI ou, ou ka mande, alekri, pou nou korije oswa ajoute nan dosye a. Nan demann alekri sa a, ou dwe bay yon rezon pou sipòte demann chanjman ou mande a. Nou pral reponn nan 60 jou apre nou te resevwa demann ou an. Nou ka refize demann lan alekri, si nou detèmine ke PHI a: (1) kòrèk e konplè; (2) pa kreye pa nou epi/oswa pa fè pati de dosye nou yo, oswa; (3) pa pèmèt yo divilge oswa enspekte. Y ap di ou pou ki rezon nènpi lòt yo refize ou epi eksplike dwa ou pou genyen demann lan ak refi a, ansanm ak nènpi lòt ki deklarasyon nan repons ou bay, tache nan dènye paj PHI ou a.

**E. Dwa pou Resevwa yon Kontrandi.** Ou gen dwa pou mande, alekri, yon kontrandi sou sèten divilgasyon nan PHI ou ki te fèt nan NSU Lab. Dwa sa a aplike pou divilgasyon pou lòt

rezon pase tretman, peman, oswa operasyon swen sante jan sa dekri nan Avi sou Pratik Konfidansyalite sa. Nou pa oblije tou bay kontrandi de divilgasyon ke ou te mande yo, divilgasyon ke ou te dakò e siyen yon fòm otorizasyon, divilgasyon pou yon a anyè etablisman, divilgasyon a zanmi oswa manm fanmi w yo ki patisipe nan swen ou, oswa sèten lòt divilgasyon yo pèmèt nou fè san otorizasyon ou. Demann pou yon kontrandi dwe fèt alekri a Liaison HIPAA nan NSU Lab kote ou te resevwa sèvis yo. Demann lan ta dwe presize nan ki peryòd pou gen rapò a. Demann yo pou rapò pa ka fè pou peryòd ki depase sis lane anvan dat demann lan. Nou pral bay premye rapò ou mande nan yon peryòd 12 mwa san okenn frè. Demann kontrandi ki vin apre yo ka sijè a yon frè rezonab ki baze sou jan sa koute.

**F. Dwa pou jwenn yon Kopi papye Avi sa a.** Ou gen dwa pou w resevwa yon kopi Avi NSU Lab la sou Pratik Konfidansyalite a nènpi lòt si ou kontakte HIPAA Liaison nan (954) 262-2888, oswa Responsab Konfidansyalite NSU HIPAA a nan (954) 262-4302, oswa voye yon demann alekri nan: E.M. Papper Laboratory of Clinical Immunology, Center for Collaborative Research 3321 College Avenue, Fort Lauderdale, FL 33314. Nou pral afiche yon kopi Avi aktyèl sou Pratik Konfidansyalite yo sou sit entènèt [NSU Lab la](http://www.nova.edu/nim/e.m.-papper-laboratory-of-clinical-immunology/e.m.-papper-laboratory-of-clinical-immunology.html) <http://www.nova.edu/nim/e.m.-papper-laboratory-of-clinical-immunology/e.m.-papper-laboratory-of-clinical-immunology.html>.

**G. Dwa pou Chwazi yon Moun pou Aji Pou ou.** Si ou te bay yon moun pwokirasyon sou dosye medikal ou oswa yon moun gadyen legal ou. Moun sa a ka egzèse dwa ou epi fè

chwa konsènan enfòmasyon sou sante ou.

**H. Dwa pou Resevwa Avi pou Vyolasyon.** Nap ba ou avi alekri sizoka nou aprann yon vyolasyon enfòmasyon sou sante ki dwe pwoteje. Nou pral fè w konnen dèke posib, men pa pita pase swasant (60) jou apre yo fin dekouvri vyolasyon an.

## **VI. Devwa Nou**

Lalwa egzije pou NSU Lab kenbe konfidansyalite enfòmasyon sou sante ou ak pou ba ou Avi sa a ki konsène devwa nou yo ak pratik sou vi prive. Nou oblije respekte sa ki nan Avi sa a ki gen dwa chanje tanzantan. Nou rezève dwa pou nou chanje kondisyon Avi sa a epi pou rann pwovizyon nouvo Avi yo efikas pou tout PHI ke nou kenbe.

Tanpri revize sit sa a detanzantan pou asire ke ou okouran de dènye nouvel sa yo. Avi sou Pratik Konfidansyalite a pral endike nan Seksyon VIII dat antre anvigè a.

## **VII. Plent**

Ou gen dwa pou pote plent bay NSU ak bay Sekretè Sante ak Sèvis Sosyal si ou kwè a yo te vyole dwa konfidansyalite ou. Ou ka depoze yon plent nan NSU Lab lòt ou kontakte, alekri HIPAA Liaison. (Tanpri gade paj 5 sou 5). Nou ankouraje w pou di nènpi lòt enkyetid ou ka genyen konsènan konfidansyalite enfòmasyon ou. NSU Lab pa pral fè aksyon vanjans kont ou si ou depoze yon plent sou pratik konfidansyalite nou yo.

## **VIII. Dat Antre Anvigè**

Dat Antre Anvigè Avi a: Janvyè 2019

**Nova Southeastern University**  
**E.M. Papper Laboratory of Clinical Immunology**  
**HIPAA Notice of Privacy Practices—Moun Pou Kontakte**

Moun Pou Kontakte

Moun pou kontakte nan NSU pou tout pwoblèm konsènan konfidansyalite pasyan yo ak dwa ou yo dapre estanda konfidansyalite Federal se NSU E.M. Papper Laboratory of Clinical Immunology HIPAA Liaison. Ou ka mande Enfòmasyon konsènan sa ki kouvri nan Avi sa a lè w kontakte HIPAA Liaison alekri. Ou ka poste plent kont NSU bay Lyezon HIPAA lè ou voye li bay:

HIPAA Liaison:

Ana Del Alamo  
Nova Southeastern University  
Center for Collaborative Research  
3301 College Avenue  
Fort Lauderdale- Davie, FL  
3314  
Telefòn: (954) 262-2888

Anplis de sa, plent kont NSU ka poste tou bay Responsab Konfidansyalite a lè ou voye li bay:

Nova Southeastern University  
Office of HIPAA Privacy / Office of Health Care Compliance  
3301 College Avenue  
Fort Lauderdale - Davie, FL 33314  
Attention: Privacy Officer  
Tel: (954) 262-4302